

# ODYANS PIBLIK POU PWOJÈ ENFRASTRIKTI

Metropolitan Transportation Authority, nan non MTA New York City Transit ak filyal li yo – MTA Long Island Rail Road, MTA Metro-North Railroad, MTA Construction and Development, ak MTA Bus Company (kolektivman "MTA") ap òganize yon odyans piblik pou mande kòmantè sou pwopozisyon sibvansyon federal MTA pou Ane Fiskal 2023. Odyans lan ap fèt nan yon fòm ibrid avèk opsyon pou patisipasyon an pèsòn, ak nan yon fòm vityèl platfòm entènèt sou Zoom ak apèl konferans, avèk yon difizyon andirèk disponib sou sitwèb MTA 2023 Capital Projects hearing nan.

MTA a resevwa lajan federal konfòmman ak Federal Transit Administration (FTA) nan Seksyon 5307 nan Depatman Transpò Etazini, Seksyon 5309, 5337 ak 5339 Tit 49, Kòd Etazini, 5300 et seq (Kòd la), Lwa sou Enfrastrikti Bipartisan (Lwa sou transpò ak apwopriasyon sifas Etazini ak lòt afektasyon federal. Gouvènè Eta New York la, otorite lokal yo, operatè sèvis piblik yo te deziyen MTA pou resevwa kalite sibvansyon sa yo.

Lajan yo mande a se pou kategori pwojè enfrastrikti yo ki mansyone anba e yo pi byen dekri nan Pwojè Pwogram MTA yo. Pwojè Pwogram MTA yo disponib pou revizyon nan <https://new.mta.info/transparency/public-hearings> oswa lè ou rele nimewo ki mansyone pi ba a. MTA mande epi ankouraje kòmantè founisè transpò prive yo. Amelyorasyon enfrastrikti yo nan kad Pwogram sa a fèt jeneralman nan rezo MTA oswa nan yon pwopriete vil la oswa Eta a posede. Acha byen oswa relokasyon ap fèt konfòmman avèk dispozisyon legal ak reglemantè apwopriye yo. Pwojè ki nan odyans sa a fè pati nan Pwogram Enfrastrikti ki apwouve pou 2015-2019, ak 2020-2024 yo.

Se Metropolitan Planning Organizations ki te apwouve oswa ki pral andose Pwojè enfrastrikti yo pou rejyon metropolitèn New York epi konfòme avèk State Implementation Plan (SIP) jan li obligatwa dapre Lwa modifiye 1990 sou Kalite Lè. Pwojè a pa ta dwe gen okenn enpak negatif anviwònman an. Si FTA prepare yon deklarasyon fòmèl sou enpak anviwònman an sou nenpòt nan pwojè ki pwopozè yo, MTA ap bay yon avi piblik pou rann deklarasyon an disponib. Tout egzijans legal yo ki gen rapò avèk kliyan granmoun ansanm avèk sa ki andikape ap satisfè.

Yo prevwa nenpòt diferans ant depans pwojè a ak lajan sibvansyon federal la ap satisfè gras ak lajan ki te disponib pa mwayen youn oswa yon konbinezon ajans eta, lokal, ak ajans ki afilye (tankou pon ak Tinèl MTA oswa MTA), kredi pou pati pwojè ki pa federal ki jwenn finansman gras ak kòb ki fèt nan sistèm peyaj la ann akò ak Lwa federal (23 USC 120 (i)), oswa lavant byen oswa pwogram revni.

Nan Ane Fiskal Federal 2022, MTA te resevwa 815.1 milyon dola finansman seksyon 5307, \$1.136 milya Seksyon 5337 State of Good Repair funds, ak \$26.2 milyon Seksyon 5339 nan Lajan pou Enstalasyon Otobis ak Bis. Repatisyon pou Ane Fiskal Federal Ane 2023 la poko disponib. Lajan Federal yo dwe jeneralman koresponn ak yon kontribisyon lokal pataje pou asistans enfrastrikti 20 pousan pou pifò kategori finansman yo.

## KATEGORI PWOJÈ/DEMANN FEDERAL ESTIME (Dola an Milyon)

LONG ISLAND RAIL ROAD		TRANSPÒ VIL NEW YORK	
<b>Kategori Pwojè</b>	<b>\$M</b>	<b>Kategori Pwojè</b>	<b>\$M</b>
Estasyon	\$313.84	Konpatiman Tren	\$1000.00
Ray	\$209.34	Ranplasman Otobis	\$85.80
Liy Estrikti	\$55.10	Estasyon	\$2171.00
Kominikasyon ak Siyal	\$78.50	Liy Ekipman	\$90.00
Acha ak Santye	\$53.54	Liy Estrikti	\$80.00
Elektrisite	\$179.90	Siyal ak Kominikasyon	\$210.00
Divès	\$138.00	Elektrisite	\$310.00
<b>Total LIRR</b>	<b>\$1028.22</b>	Depo	\$100.00
		Staten Island Railway	\$35.00
		<b>Total NYCT</b>	<b>\$4853.80</b>
METRO-NORTH RAILROAD		OTOBIS MTA	
<b>Kategori Pwojè</b>	<b>\$M</b>	<b>Kategori Pwojè</b>	<b>\$M</b>
Materyèl Woulan	\$484.64	Acha otobis	\$27.92
Estasyon	282.93	Divès	5.31
Ray ak Estrikti	325.51	<b>Total Otobis MTA</b>	<b>\$33.23</b>
Kominikasyon ak Siyal	315.55		
Elektrisite	50.05		
Acha ak Santye	100.00		
Divès	4.00		
<b>Total MNR</b>	<b>\$1588.47</b>	<b>MTA GRAND TOTAL</b>	<b>\$7503.72</b>

### DAT AK LÈ ODYANS PIBLIK LA

#### ODYANS PIBLIK SOU PWOJÈ ENFRASTRIKTI ANE 2023

Madi 7 Fevriye 2023 • Odyans lan ap kòmanse a 6:00 PM • Odyans Piblik Ibrid la ap an pèsòn epi l ap sou platfòm vityèl yo.

#### Avi Odyans Piblik

Odyans lan ap yon odyans avèk opsyon patisipasyon an pèsòn, ak sou platfòm entènèt sou Zoom ak apèl konferans, avèk yon difizyon andirèk ki disponib sou sit entènèt odyans pwojè enfrastrikti MTA 2023 a <https://new.mta.info/2023-capital-projects-hearing> Ou sipoze enskri alavans pou ou pale nan odyans piblik vityèl la. Chak moun ki enskri ap gen twa (3) minit pou yo pale.

#### Enskripsyon pou Odyans Piblik

Pou w anrejistre pou w pale nan odyans piblik ibrid la, tanpri enskri pou kòmante swa an pèsòn, oswa sou entènèt nan <https://new.mta.info/2023-capital-projects-hearing> oswa rele Liy Dirèk Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777. Enskripsyon pou Odyans Piblik la ap louvri 3 Janvyè 2023. Tout kòmantè yo pral ekri epi yo pral fè pati dosye pèmanan odyans sa yo.

#### Patisipe nan Odyans Piblik la

Si w anrejistre pou w pale, ou ka patisipe swa sou Zoom sou entènèt, an pèsòn oswa sou telefòn lè w suiv enskripsyon sa yo.

**Rejwenn Seminè Zoom sou entènèt la:** Pou jwenn aksè nan seminè sou entènèt sou Zoom lan, vizite sitwèb la <https://new.mta.info/2023-capital-projects-hearing>

Ou ka ale tou sou <https://mta.zoom.us/j/85391878448>

**Rejwenn pa PC/Tablet/Smartphone:** Lyen pou rejwenn seminè a: <https://mta.zoom.us/j/85391878448> • ID Seminè a: 853 9187 8448

**Rejwenn Seminè Zoom sou entènèt la sou telefòn:** Pou w aksede a seminè Zoom lan sou telefòn, tanpri rele 1-877-853-5247 (gratis). Epi aprè sa antre ID seminè a: 853 9187 8448, aprè antre siy dyèz la (#).

**Gade Sèlman Sou Entènèt:** Moun ki nan piblik la ki ta renmen sèlman gade odyans lan ka aksede a evènman an andirèk sou <https://new.mta.info/2023-capital-projects-hearing>

#### Pou Soumèt Kòmantè yo

**Yo dwe soumèt tout kòmantè ekri yo disi 6:00 PM nan dat 7 Fevriye 2023.** Nou p ap konsidere kòmantè nou resevwa apre dat ak lè sa a.

#### Pou w wè yon kopi Pwogram MTA Konplè Pwojè yo

W ap jwenn yon lis konplè pwojè yo ki kalifye pou finansman dapre pwopozisyon sa a ki disponib sou sit la ak sou sitwèb MTA a sou <https://new.mta.info/2023-capital-projects-hearing> oswa lè ou eskane Kòd QR la. W ap jwenn enfòmasyon sou lokal piblik yo ansanm avèk pwojè yo ki kalifye pou finansman sou sitwèb MTA oswa lè ou kontakte MTA nan adrès ki anba. MTA pral fè pwogram final pwojè yo disponib sou sitwèb li a <https://new.mta.info/transparency/grant-management> pou pwojè seksyon 5307-finanse lè FTA atribye sibvansyon Federal ane fiskal 2023 a.

#### Lòt fason anplis pou w fè kòmantè epi pou w mande enfòmasyon

#### Pou w jwenn plis enfòmasyon, pou enskri alavans pou Pale, oswa pou Soumèt Kòmantè

Moun ki vle pale nan Odyans Piblik la dwe enskri davans. N ap aksepte kòmantè nou resevwa pa imèl sou sit entènèt MTA a <https://new.mta.info/2023-capital-projects-hearing> owa an pèsòn nan odyans lan oswa lè w rele (646) 252-6777. Ajan telefòn yo disponib apati 6:00 AM jiska 10:00 PM chak jou. Temwayaj aloral ap limite a twa (3) minit sèlman. Ou ka prezante temwayaj aloral oswa soumèt deklarasyon alekri pito oswa pou konplete temwayaj oral ki konsènen pwojè yo pwopozè a. Pou soumèt kòmantè, pou enfòmasyon adisyonèl, oswa pou mande kopi aplikasyon yo ak pwojè pwogram final yo pou soumèt nan FTA, yo dwe voye lèt yo nan: **MTA Capital Program Funding / Grants Management, RE: 2023 Capital Projects Public Hearing, 2 Broadway, B4.01, New York, NY 10004. Tout lèt yo dwe gen so lapòs disi 7 Fevriye 2023.** Nou p ap konsidere kòmantè nou resevwa apre dat sa a.

#### Sèvis Aksesiblite ak Sèvis Èd pou kesyon Lang

Nan odyans piblik la, CART Captioning ak Lang Siy Ameriken ap disponib.

Manm nan piblik la ki soud oswa ki difisil pou yo tande ka itilize sèvis transmisyon yo vle a oswa yo ka itilize sèvis transmisyon 711 gratis la, epi mande pou yo konekte yo a nimewo Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777 pou yo pale avèk yon ajan. Manm nan piblik lan ki avèg oswa ki pa wè byen ka mande aranjman 1ye Fevriye 2023 oswa anvan dat sa lè yo voye yon demann sou entènèt nan <https://new.mta.info/2023-capital-projects-hearing> oswa rele Liy Dirèk Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777.

Manm nan piblik lan ki pa gen aksè a yon òdinatè oswa ki pa gen aksè ak entènèt, ka rele seminè sou entènèt sou Zoom lan nan 1-877-853-5247 (gratis) epi antre ID Seminè a: 853 9187 8448, epi aprè sa antre siy dyèz (#) la. Si w bezwen èd pou kesyon lang oswa nenpòt mezi adaptasyon, tanpri soumèt yon demann omwen twa jou biwo anvan dat odyans lan pwogram an nan yon non nan fason ki vin annapre yo: sou entènèt nan <https://new.mta.info/2023-capital-projects-hearing> oswa lè ou rele nimewo telefòn Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777, oswa voye yon lèt bay: **MTA Capital Program Funding / Grants Management, RE: 2023 Capital Projects Public Hearing, 2 Broadway, B4.01, New York, NY 10004.**

